



Tikè SHSAT disponib kounye a

Chè fanmi,

Tikè egzamen pitit ou a pou egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) a disponib kounye a. Men sa pou fè apre:

1. Pran tikè w.

- Ou ka jwenn tikè w la sou entènèt nan [Kont MySchools.nyc](https://www.nyc.gov/MySchools) ou a, nan men konseye pedagogik ou a, oswa si w kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center). Tikè egzamen w lan gen ladan dat egzamen pitit ou a, lè pou li rive, adrès kote y ap bay egzamen an, ak aranjman pou egzamen an (si se ka a).
- Si manke nenpòt akomodasyon egzamen pou pitit ou a oswa si li pa kòrèk, pale avèk konseye lekòl ou a tousuit. Pou plis enfòmasyon sou akomodasyon pou egzamen an, tanpri ale sou [sitwèb nou an](#).
- Si w ka enprime tikè w la, tanpri fè sa epi pote l nan lokal la. Si ou pa ka enprime tikè w la, ou ka sèvi avèk telefòn mobil ou pou montre li. Men, si ou pèdi tikè ou (oswa ou pa ka montre li sou telefòn ou), pa gen pwoblèm, ou ka toujou pran egzamen an!

2. Konnen a ki lè pou rive nan lokal egzamen an.

- **Lè pou elèv klas 8yèm ane k ap pran egzamen an rive nan lekòl DOE yo ye kounye:** Tanpri rive a lè lekòl ou kòmanse nòmalman amwenske lekòl la di w otreman.
- **Lè pou elèv k ap fè tès nan yon wikenn rive:** 8am

Tanpri sonje lè pou rive a **SE PA** lè egzamen an ap kòmanse. Sèlman nan jou egzamen an, yo dwe dabò akonpaye chak elèv nan sal egzamen yo, pou yo tande eksplikasyon detaye, epi ranpli fòmalitye avan tès la kòmanse. Tout elèv ta dwe atann pou yo kòmanse egzamen yo inèdtan oswa plis apre lè yo rive a.

3. Pran twa etap sa yo pou prepare.

- Wè konbyen tan sa ap pran w pou rive nan lokal egzamen an.
- Asire w byen dòmi nan nuit avan egzamen an epi pran dejene nan maten sa a.
- Pote yon ti snack avèk dlo nan lokal egzamen an. Sonje elèv p ap kapab manje pandan egzamen an. Epi pa bliye mas ou!

Ou gen kesyon? Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou [sitwèb](#) nou an oswa rele 718-935-2009.

Mèsj, epi bòn chans nan egzamen an!

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv